

LEMBAR KERJA PESERTA DIDIK (LKPD)

Tema 3 Hirup Akur

Basa Sunda

Nama dan Kelas :

Tujuan Pembelajaran :

Melalui pengamatan, siswa dapat menelaah dan mengidentifikasi kaidah-kaidah pupuh
Melalui pengamatan, siswa dapat menyusun kalimat dari kata sifat

A. Pupuh

Pupuh aya tujuh welas jumlahna, lima diantaranya, nyaéta :

1. Asmarandana watekna silih asih
2. Kinanti watekna prihatin, harepan
3. Magatru watekna prihatin, ngeusi
4. Mijil watekna susah, sedih, cilaka, tiiseun, jempling
5. Sinom watekna gumbira, senang

Pupuh Mijil jeung pupuh Magatru boga watek sedih atawa prihatin. Contona :

He barudak kudu hirup rempug jukung,
jeung pada batur ngahiji
samiuk jeung dulur-dulur
teu binarung goréng pikir
komo bari olo-olo

Tah, sagundukan kitu téh disebutna sapada. Pék bilang, dina guguritan “Rempug Jukung” aya sabaraha pada kabéhna? Ayeuna pada anu di luhur urang titénan. Sabaraha réa jajaran dina éta pada? Sajajar dina sapada téh disebutna *sapadalisan*. Dina sapada di luhur aya lima padalisan. Ayeuna bilang jumlah engangna. Aya sabaraha engang dina unggal padalisan? Geura urang bilang, sakalian tengetan sora vokal (u, i, u, i, o) anu aya dina engang panungtung unggal padalisan.

Padalisan	Engang												Guru Wilangan & Guru Lagu
	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	
I	hé	ba	ru	dak	ku	du	hi	rup	rem	pug	ju	kung	12-u
II	jeung	pa	da	ba	tur	nga	hi	ji					8-i
III	sa	mi	uk	jeung	du	lur	du	lur					8-u
IV	teu	bi	na	rung	go	réng	pi	kir					8-i
V	ko	mo	ba	ri	nyo	sok	je	ro					8-o

Katangtuan jumlah padalisan dina sapada jeung engang dina unggal padalisan disebutna *guru wilangan*. Katangtuan sora dina engang panungtung unggal padalisan disebut *guru lagu*. Ari katangtuan jumlah pada dina unggal guguritan disebutna *guru gatra*. Lamun diringkeskeun, aturan pupuh Magatru teh kieu : 12-u, 8-i, 8-u, 8-i, 8-o

Latihan 1 :

Ieu di handap aya pupuh Maskumambang. Geura pek baca heula dina jero hate, tuluy kerjakeun latihanna!

Maskumambang

Hé barudak kudu mikir ti leuleutik,
manéh kahutangan,
ku kolot ti barang lahir,
nepi ka ayeuna pisan

Kudu hormat ka sepuh ka kulawarga,
ulah lalawora,
lobakeun silaturahmi,
ka batur reujeung baraya.

Pek pilih jawaban tina pertanyaan ieu!

1. Kudu kumaha barudak téh ti leuleutik?
2. Ti iraha jeung nepi ka iraha barudak kahutangan ku kolot?
3. Saha waé nu kudu dihormat ku urang téh salian ti kolot?
4. Ku saha urang kahutangan téh?
5. Kudu ngalobakeun naon urang jeung baraya téh?

silaturahmi

ku kolot

mikir

ka sepuh, ka kulawarga

ti barang lahir nepi ka ayeuna

Latihan 2 :

Tuliskeun guru wilangan jeung guru lagu pupuh Maskumambang di handap!

Maskumambang

Hé barudak kudu mikir ti leuleutik, (...)

manéh kahutangan, (...)

ku kolot ti barang lahir, (...)

nepi ka ayeuna pisan (...)

Kudu hormat ka sepuh ka kulawarga, (...)

ulah lalawora, (...)

lobakeun silaturahmi, (...)

ka batur reujeung baraya. (...)

B. Kecap Sipat

Dina pupuh di luhur aya kecap leutik jeung kolot. Kecap-kecap éta téh kaasup kecap sipat. Kecap sipat nyaéta kecap anu nunjukkeun sipat atawa kaayaan hiji barang atawa anu dianggap barang.


Latihan :

Prak pigawe latihan ieu di handap, saperti dina conto!

Conto :

songong

Nyaritana songong pisan.

- 
1. sepuh
Bah Kurdi téh leuwih ...tibatan Bah Dadi.
 2. anom
Yuswa Pa Deni parantos heunteudeui.
 3. gedé
Imahna mani
 4. leutik
Anak manuk téhpisan.
 5. halimpu
Sora Neng Saripisan.